

Deklarasyon Dwa ak Responsablite Paran

Chak timoun kapab akonpli maksimòm potansyèl yo pi byen atravè yon kolaborasyon ant paran ¹ ak kominote edikasyon an. Pou favorize angajman aktif ant paran ak lekòl, paran gen kèk dwa ak responsablite

TOUT PARAN GEN DWA SA YO :

1) DWA POU JWENN EDIKASYON LEKÒL LETA GRATIS

Paran gen dwa pou pitit yo resevwa edikasyon gratis nan yon lekòl leta nan yon anviwònman ki ofri yo pwoteksyon ak sipò pou aprantisaj.

Paran gen dwa pou:

- a) pitit yo resevwa edikasyon gratis nan lekòl leta apati klas matènèl jiska laj 21 ane, oswa jiskaske yo resevwa yon diplòm lekòl segondè, kèlkeswa yonn nan posiblite sa yo ki rive avan an, jan lalwa mande l ;
- b) jwenn yon evalyasyon pitit yo ki gen andikap, epi si yo jwenn li bezwen sèvis edikasyon espesyal, resevwa yon edikasyon gratis ki apwopriye apati laj twazan jiska laj 21 ane dapre lwa ak règleman yo;
- c) jwenn sèvis edikasyon bileng oswa Anglè kòm dezyèm lang (ESL), pou pitit yo ki pa pale ase anglè, dapre lwa ak règleman yo;
- d) pou pitit yo resevwa orè enstriksyon an dapre kalandriye Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) tabli chak ane .
- e) pou pitit yo aprann nan yon anviwònman ki ofri yo pwoteksyon ak sipò pou aprantisaj, ki pa gen diskriminasyon, asèlman, brimad ak sektaris;
- f) pou lòt moun trete pitit yo avèk koutwazi ak respè epi pou yo jwenn menm opòtinite edikasyon kèlkeswa jan yo idantifye yo aktyèlman pou ras yo, koulè po yo, laj yo, kwayans yo, etnisite yo, peyi kote yo fèt, sitiyasyon yo kòm etranje nan peyi a, sitiyasyon sitwayènte yo, andikap yo genyen, preferans seksyèl yo, sèks yo, oswa pwa yo ;
- g) pou yo bay pitit yo tout dwa ki nan Dwa ak Responsablite Elèv *Bill of Student Rights and Responsibilities* DOE a ki nan Nouvo Nòm Entèkansyon ak Mezi Disiplin DOE a.

2) DWA POU PARAN GEN AKSÈ ENFÒMASYON SOU PITIT YO

DOE ak lekòl li yo gen responsablite pou bay paran aksè nan dosye pitit yo ak nan nenpòt enfòmasyon ki disponib sou pwogram edikasyon ak opòtinite.

Paran gen dwa pou:

- a) jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon si paran an bezwen sa oswa mande asistans nan lang pou li kapab kominike avèk efikasite avèk Depatman an, dapre Règleman A-663 Chanselye a;
- b) jwenn enfòmasyon konsènan tout politik, plan ak règleman ki mande patisipasyon paran nan lekòl la, distri a ak/oswa nan nivo borough a;
- c) 3. jwenn aksè nan dènye enfòmasyon konsènan sèvis sistèm lekòl la ofri, kondisyon pou kalifye pou sèvis sa yo, ak fason pou aplike pou yo (sètadi sèvis transpò, sèvis manje, sèvis sante, enstriksyon pou elèv k ap aprann lang angle English Language Learner (ELL), kou ratrapaj, sèvis edikasyon espesyal, etc).
- d) jwenn enfòmasyon sou egzamen obligatwa pou sante, pou evalye entèlijans ak enfòmasyon sou egzamen lang
- e) enfòmasyon konsènan sa lekòl ap atann de pitit yo onivo pwogram edikasyon pitit yo, prezans yo ak konpòtman yo lekòl ;
- f) jwenn enfòmasyon alekri konsènan kritè pou bay nòt y ap itilize pou evalye pèfòmans akademik pitit yo;

¹ Lè nou di paran nan dokiman sa a, sa vle di paran oswa gadyen elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa gadyen elèv la, oswa elèv la limenm.

- g) jwenn aksè nan enfòmasyon konsènan pwogram enstwiksyon pitit yo, ladan pwogram etid la oswa plan kourikoulòm lan;
- h) jwenn asirans dosye pitit yo ap rete an sekre, dapre Règleman A-820 Chanselye a;
- i) jwenn aksè ak evalyasyon dosye edikasyon pitit yo pa plis pase 25 jou apre yo fin fè demand lan;
- j) pran yon randevou pou mande moun ki la pou sa nan lekòl la bay yo eksplikasyon sou dosye edikasyon pitit yo epi pou jwenn yon reyinyon nan yon tan rezonab apre yo fin fè yon demand konsa;
- k) mande pou yo divilge dosye edikasyon pitit yo ba yon biwo deyò, dapre Règleman A-820 Chanselye a, epitou pou refize bay enfòmasyon kontak yo nan enstitisyon aprantisaj avanse ak/oswa rekritè lame;
- l) mande pou yo voye dosye edikasyon pitit yo ba yon lòt lekòl kote pitit yo transfere nan yon delè apwopriye;
- m) bay konsantman pou pibliye enfòmasyon ki ka idantifye pitit ou ki nan dosye li, eksepte nan limit kote Lwa Dwa Edikasyon ak Entimite Fanmi *Family Educational Rights and Privacy Act* (FERPA) ak Règleman A-820 Chanselye a otorize pou yo divilge dosye san konsantman. Youn nan eksepsyon ki pèmèt yo mete enfòmasyon deyò san konsantman se si y ap bay ofisyèl lekòl ki bezwen evalye dosye edikasyon enfòmasyon pou yo kapab ranpli responsablite pwofesyonèl yo. Egzanp ofisyèl lekòl gen ladan ofri ka nan lekòl la oswa pou yo ka transfere l;
- n) pote plent devan US DOE si yo kwè NYC DOE pa respekte règleman FERPA. Non ak adrès biwo ki administre FERPA se:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington, DC 20202-8520

- o) deside pa kite yo bay non pitit ou, dat nesans li ak adrès li ba Depatman Edikasyon Etazini *United States Department of Education* (USDE) pou ede elèv ak fanmi yo aplike pou èd finansye, epi deside pa bay non pitit ou, dat nesans li ak klas l ap fè (paezanp klas 9th grade) ba National Student Clearinghouse (yon òganizasyon ki bay NYCDOE enfòmasyon sou enskripsyon ak gradyasyon nan kolèj).

3) DWA POU GEN YON PATISIPASYON AKTIF NAN EDIKASYON PITIT YO

Paran yo gen dwa pou jwenn tout opòtinite ki disponib pou yo patisipe toutbon nan edikasyon pitit yo.

Paran gen dwa pou:

- a) santi yo akeyi yo, respekte yo ak sipòte yo nan kominote lekòl yo;
- b) tout pèsonèl lekòl la trete yo ak koutwazi ak respè, epitou pou bay yo tout dwa yo san yo pa konsidere ras yo, koulè po yo, kwayans yo, relijyon yo, peyi orijin yo, sèks yo, laj yo, etnisite yo, sityasyon moun ki etranje nan peyi a/sityasyon sitwayènte, kondisyon matrimonyal yo, aranjman yo fè pou viv ak yon patnè, oryantasyon seksyèl yo, idantite seksyèl yo oswa andikap yo genyen ;
- c) patisipe nan kominikasyon regilye alekri oswa vèbal avèk pwofesè yo ak lòt anplwaye lekòl la epi diskite pwoblèm yo genyen osijè pwogrè akademik, sosyal ak konduit pitit yo;
- d) rankontre avèk pwofesè ak direktè pitit yo dapre pwosedi ki etabli;
- e) patisipe nan konferans pwofesè-paran ki gen anpil echanj ak ki pote rezilta pou diskite sou pwogrè pitit yo nan lekòl la epi pou yo genyen aksè pou kominike avèk lòt manm pèsonèl lekòl la pandan tout ane akademik la, jan sa apwopriye, pou diskite sou pwoblèm yo;
- f) jwenn enfòmasyon regilyèman sou rapò pwogrè enfòmèl ak pwogrè fòmèl pitit yo alafwa, sou pwogrè akademik ak pwogrè konduit pitit yo;
- g) garanti ki nan Règleman A-443 Chanselye a ak Kòd Disiplin lan lè pitit yo dwe jwenn disiplin;
- h) patisipe nan eleksyon pou Ekip Lidèchip Lekòl la School Leadership Team (SLT) nan lekòl pitit yo;
- i) Mennen yon zanmi, yon, konseye oswa yon entèprèt nan deba, konferans, antrevi ak lòt reyinyon konsènan pitit yo, dapre pwosedi ki la pou sa san jwenn apwobasyon alavans nan men manm pèsonèl la oswa administrasyon lekòl la;

- j) si yo genyen pwoblèm pou tandè, jwenn yon entèprèt pou nenpòt reyinyon oswa aktivite yo patisipe ki espesifik pou aspè akademik oswa disiplinè nan pwogram edikasyon pitit yo, depi genyen yon demand alekri ki fèt avan reyinyon an oswa aktivite a; si pa gen entèprèt disponib, yo sipoze fè lòt aranjman;
- k) mande manm pèsònèl lekòl la pou fè tout efò rezonab pou asire paran yo resevwa avi enpòtan nan lekòl la, avèk tou avi sou konferans pwofesè-paran, semèn reyinyon paran nan lekòl la, reyinyon SLT, reyinyon asosyasyon paran, reyinyon CEC, etc;
- l) vin yon manm asosyasyon paran oswa asosyasyon pwofesè-paran lekòl pitit yo san yo pa peye kotizasyon pou sa;
- m) resevwa yon kopi “Deklarasyon Dwa ak Responsablite Paran,” Nòm Entèvansyon ak Mezi Disiplin Vil la ki gen ladan “Deklarasyon Dwa ak Responsablite Elèv,” ak kopi règleman espesifik lekòl la;
- n) patisipe nan komite lekòl la (pa egzanp, Sekirite, Nitrisyon, Nivo C-30), dapre gid ki aplike pou komite sa yo;
- o) vin kandida pou, oswa si gen sa, vote pou manm Konsèy Edikasyon Kominote a oswa Konsèy Edikasyon Vil la, si sa anvigè, dapre lwa ak Règleman D-140, 150 ak 160 ak D-170 Chanselye a;
- p) patisipe nan reyinyon Konsèy Edikasyon Kominote ak Vil la ak Komite pou Règleman Edikasyon *Panel for Educational Policy* ki lib pou piblik la, dapre dispozisyon lwa sou Reyinyon Lib (“*the Sunshine Law*”) ak pwosedi ki etabli.

4) DWA POU POTE PLENT/ FÈ APÈL KONSÈNAN PWOBLÈM KI AFEKTE EDIKASYON PITIT YO

Chanselye a pibliye Règleman ak règ ki tabli pwosedi pou pote plent oswa pou fè apèl pou konsidere divès kalite pwoblèm ki afekte edikasyon yon timoun. W ap jwenn pwosedi sa yo nan Règleman Chanselye sa yo ke w kapab wè nan sit wèb

<http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ChancellorsRegulations/default.htm>, epi pwosedi DOE tabli pou paran pote plent disponib nan sit wèb

<http://schools.nyc.gov/Offices/FACE/KeyDocuments/Parent+Complaint+Procedures.htm>

Paran gen dwa pou :

- a) fè apèl kont desizyon transfè pitit yo nan yon lòt lekòl ki baze sou kote y ap viv la dapre Règleman A-101 Chanselye a;
- b) pote plent konsènan pinisyon sou kò pitit yo dapre Règleman A-420 Chanselye a;
- c) pote plent poutèt afwon, betiz, mo sal dapre Règleman A-421 Chanselye a ;
- d) fè apèl kont desizyon direktè lekòl oswa sipèentandan pou sispann yon elèv dapre Règleman A-443 Chanselye a;
- e) fè apèl kont transfè envolonètè dapre Règleman A-450 Chanselye a;
- f) fè apèl kont desizyon chanje elèv klas yo dapre Règleman A-501 Chanselye a;
- g) pote plent ak fè apèl konsènan yon eleksyon pou yon SLT dapre Règleman A-655 Chanselye a;
- h) pote plent ak/oswa fè apèl konsènan eleksyon Asosyasyon Paran ak Konsèy Prezidan, konfli, mezi yo pran oswa mezi yo pa pran dapre Règleman A-660 Chanselye a;
- i) fè apèl kont yon refi egzanpsyon nan vaksinasyon dapre Règleman A-701 Chanselye a;
- j) pote plent konsènan rekòmandasyon, evalyasyon, devlopman ak/oswa egzekisyon pou yon Plan Seksyon 504 dapre Règleman A-710 Chanselye a;
- k) fè apèl kont plasman yon timoun ki pa gen kote pou rete oswa yon timoun ki nan yon lojman tanporè dapre Règleman A-780 Chanselye a;
- l) fè apèl kont desizyon konsènan elijiblite pou transpò dapre Règleman A-801 Chanselye a.
- m) fè apèl kont desizyon konsènan elijiblite pou manje gratis ak manje pou pri ki ba dapre Règleman A-810 Chanselye a;
- n) mande pou yo korije yon mo yo mete nan dosye yon timoun poutèt li pa presi, li se yon move ransèyman oswa poutèt li vyole dwa pitit ou genyen pou konfidansyalite dapre Règleman A-820 Chanselye a.
- o) pote plent poutèt diskriminasyon anlwaye DOE fè dapre Règleman A-830 Chanselye a ;
- p) pote yon plent konsènan arasman seksyèl yon elèv ap fè yon lòt elèv sibi dapre Règleman A-831 Chanselye a ;

- q) pote yon plent konsènan diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon yon elèv ap fè yon lòt elèv sibi dapre Règleman A-832 Chanselye a ;
- r) pote plent konsènan pwosesis nominasyon ak seleksyon direktè lekòl oswa asistan direktè lekòl dapre Règleman C-30 Chanselye a;
- s) fè apèl si yo refize ba yo aksè nan dosye piblik DOE kenbe dapte Lwa sou Libète Enfòmasyon ki nan Règleman D-110 Chanselye a;
- t) pote plent konsènan nominasyon ak seleksyon manm Konsèy Edikasyon Kominote a dapre Règleman D-140 Chanselye a.
- u) pote plent konsènan nominasyon ak seleksyon manm Konsèy Vil la pou Edikasyon Espesyal dapre Règleman D-150 Chanselye a;
- v) pote plent konsènan nominasyon ak seleksyon manm Konsèy Vil la pou Lekòl Segondè dapre Règleman D-160 Chanselye a;
- w) pote plent konsènan nominasyon ak seleksyon manm Konsèy Vil la pou Elèv k ap aprann Lang Anglè dapre Règleman D-170 Chanselye a;
- x) pote yon plent oswa ale ann apèl pou mande rekonsidere yon desizyon dapre Pwosedi DOE pou pote plent si lekòl pitit ou ye a anpeche pitit ou ale lekòl oswa nan klas li san l pa aplike pwosedi apwopriye ;
- y) pote plent dapre Pwosedi Plent DOE sou fason pou suiv pwogram yo administre anba Lwa pou pa kite okenn timoun rete dèyè: Tit I ak II, Pati A ak D, epi Tit III ak IV, Pati A oswa konsènan yon bagay ki afekte edikasyon pitit yo ki pa kapab regle atravè pwosedi ki nan okenn nan Règleman Chanselye a ki pi wo a.

TOUT PARAN GEN RESPONSABLITE :

- (1) voye pitit yo lekòl pare pou yo aprann.
- (2) asire pitit yo ale lekòl regilyèman epi pou yo rive alè
- (3) okouran travay pitit yo, pwogrè pitit yo, ak pwoblèm pitit yo depi yo li avi lekòl la, pale avèk pitit yo osijè lekòl la, gade rapò sou travay ak pwogrè pitit yo, epi reyini avèk manm pèsonèl lekòl la.
- (4) kenbe kontak alekri ak aloral avèk pwofesè pitit yo epi ak direktè a sou pwogrè k ap fèt onivo edikasyon pitit yo.
- (5) konfòme yo avèk tout règleman lekòl la ak Règleman Chanselye a ki anvigè epi ki konsène edikasyon pitit yo.
- (6) bay repons nan yon manyè apwopriye pou kominikasyon ki sòti nan lekòl pitit yo.
- (7) ale nan tout reyinyon ak konferans lekòl la ap fè osijè pitit yo.
- (8) antre nan bilding lekòl la nan yon manyè ki montre respè, pa montre konpòtman tapajè epitou trete tout manm pèsonèl lekòl la, elèv yo, paran yo ak lòt manm kominote lekòl la avèk koutwazi ak respè.
- (9) asire yo toujou bay lekòl la enfòmasyon kontak ki pi resan (egzanp adrès kay, nimewo telefòn).

PARAN TA DWE TOU :

- (1) ofri pitit yo anviwònman sipò pou aprantisaj lakay yo kote edikasyon se yon priyorite.
- (2) Ranfòse enpòtans pou vin gen konesans, konpetans, ak valè yo bezwen pou fonksyone toutbon nan sosyete a.
- (3) volontè tan yo, konesans yo oswa resous yo genyen nan lekòl la.
- (4) patisipe nan pwogram lekòl la ak kominote a ap òganize ki bay paran kapasite pou yo patisipe nan desizyon lekòl la ap pran onivo edikasyon.
- (5) vin manm aktif Asosyasyon Paran oswa Asosyasyon Pwofesè-paran lekòl la.
- (6) vin manm aktif komite paran Tit I, lè sa aplikab.

- (7) poze pitit yo kesyon sou travay yo, prezans yo ak konduit nan lekòl la epi pale avèk yo sou sa yo mande yo nan lekòl la.
- (8) aprann pitit yo pou yo respekte byen, sekirite, ak dwa lòt yo ak kouman li enpòtan pou yo pa montre konpòtman entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon.

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou ofri menm opòtinite edikatif san konsidere nan sitiyaasyon aktyèl ras, koulè po, relijyon, laj, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, sitiyaasyon yon moun ki etranje nan peyi a, kondisyon sitwayènte, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, oswa pwa yon moun . Se règleman DOE tou pou li kenbe yon anviwònman kote pa gen asèlman poutèt nenpòt nan bagay sa yo, epitou san arasman seksyèl.

Ou ka voye kesyon konsènan respè lwa apwopriye yo ba : **Office of Equal Opportunity, 65 Court Street, Brooklyn, New York, 11201, (718) 935-3320**